

Kudashobora gushengeza abashurashuje abana

Itegeko ryarashimangiwe kugira ngo rikingire bimwe biboneka abana ntibakorerwe ivya mfura mbi .

Imbere y'italiki 5 Mukakaro 2021 abantu bakuze bonyene ni bo begwa n'amategeko yo gushengeza abakoreye ibintu bibi abana (harimwo n'abakoreye ivya mfura mbi).

Guhera italiki 5 Mukakaro 2021, [itegeko rishasha](#) rituma kiba icaha ku muntu akuze wese iyo adashengeje mu nyamiramabi umuntu akuze ashurashuje umwana . Ibi bisigura yuko abantu bose bakuze bafise igikorwa co gushengeza ku nyamiramabi ivyaha bijanye n'ugushurashuza abana —kiretse iyo bafise impamvu yumvikana yo kutabashengeza.

Kubera iri tegeko, *umwana* bisigura umuntu atarakwiza imyaka 16 canke umuntu ari musi y'imyaka 18 ariko akaba [agendana ubumuga bwo mu mutwe](#).

Ivyaha vyerekeye gushurashuza abana

Icaha c'ugushurashuza umwana ni icaha cerekeye imibonano mpuzabitsina gikorwa umwana, muri ivyo harimwo:

- Gufata nabi umwana
- Inyifato iyo ariyo yose y'ubuhumbi ikorerwa umwana
- Gufata ku nguvu
- Guhuza ibitsina kw'abasangiye umuryango
- Kwigisha umwana ubuhumbi mu ntumbero yo kumutegura kuzokora ubuhumbi (umuvyeyi, canke umurezi wiwe)
- Gufata umwana nk'igikoresho c'ubuhumbi
- Gushurashuza umwana incuro nyinshi

Kugira utahure bihagije [ivyerekeye ivyaha vyo gushurashuza umwana](#).

Kunanirwa gushengeza

Ukunanirwa gushengeza gushasha, itegeko rikoresha ku wo ari we wese afise imyaka irenga 18 (mu yandi majambo abakuze bose).

Guhera italiki 5 Mukakaro 2021, iyo umuntu akuze yibaza yuko (canke ko mu buryo bugaragara ashobora kwibaza) yuko umwana yahohotewe canke yagiriwe nabi mu bijano no guhohoterwa mu vy'imibonano mpuzabitsina , bategerezwa kubashengeza mu nyamiramabi —kiretse bafise impamvu zumvikana .

Impamvu zumvikana

Impamvu zumvikana ni impamvu z'ingene umuntu azi ubwenge yokora ari muri ico kibanza kandi afise ayo makuru. Aho hari impamvu zumvikana ko zotuma umuntu adashengezwa bizokwama igihe cose bivana n'ibihe yoba arimwo.

Nk'akarorero, impamvu yumvikana ishobora kuba kumbure :

- umwana avuze yuko yashurashujwe
- Umwana afise ibimenyetso vyerekana ko yashurashujwe .

Wipfuzwa kumenya vyinshi ku vyerekeye [ibimenyetso bishoboka vy'uko umwana ashobora kuba yarashurashujwe](#).

Nimba ufise impamvu zumvikana yuko umwana yashurashujwe canke ko ashobora kuba ari mu kaga ko gushikirwa n'ayo mabi, utegerezwa kubishikiriza inyamiramabi —kiretse ufise impamvu zumvikana zo kutabashengeza.

Impamvu zumvikana



Impamvu zumvikana z'ukudashengeza umuntu yashurashuje umwana a ntibishobora gutanga insiguro yose muri iri tegeko. Hashobora kuba harimwo ibi bikurikira nimba:

- uja warashengeje ico caha ukakibarira umuyobozii canke ukaba uzi uwundi muntu yoba yarabivuze canke ko azobivuga —nk'akarorero, nimba uri:
 - umuforoma kandi ukaba uja warabibariye igisata kzijewe umutekano w'abana
 - uri umwigisha kandi umuyobozi mukuru wawe canke uwundi mwigisha akaba aja yarashikirije ico caha, yarashengeje nyene gukora ico caha yisunze ayandi mategeko
- wararonse amakuru yerekeranye n'uwakorewe ayo mabi kandi ubu na ho akaba aja ari umuntu akuze kandi ukaba uzi neza ko badashaka kubimenyesha inyamiramabi
- wibaza yuko gushengeza uwakoze ico caha vyashobora kugukwegera akarambaraye canke bikagakwegera uwundi muntu (ndetse uwo yitwa ko yakoze ico caha).

ukaba udakeneye gushengeza uwakoze ico caha ku nyamiramabi nimba ivyo bija vyaravuzwe, vyarashikirijwe urundi rwego rubijewe, nk'igisata kijejwe Umutekano w'Abana.

Idini

Itegeko rishasha rirerekana neza yuko amakuruyerekeranye n'icasha c'ugushurashuza abana cakoze mu gihe canke gifatanye n'uko idini gitegerezwa gushengezwa ku nyamiramabi.

Agateka

Nubwo hariho amategeko yerekeye n'amadini, icaha ntikiriho kugira ngo gikureko agashambara umuntu, harimwo n'agateka kemewe n'amategeko y'umwuga hamwe n'agateka k'ukugira inama uwashurashuje umwana.

Igihano

Igihano gikwiriye uwutashoboye canke uwirengagije gushengeza uwashurashuje umwana ni umunyororo w'imyaka itatu.

Gushengeza ivyaha vyakozwe muri kahise

Nimba wararonse amakuru kw'italiki 5 canke inyuma y'italiki 5 Mukakaro 2021 ashobora kukwemeza yuko umwana ashobora kuba yarashurashujwe canke yarakorewe amabi kandi ukaba udafise impamvu zumvikana zotuma udashengeza nyene gukora ico caha, utegerezwa gushengeza nyene gukora ico caha —mbere naho ubwo bushurashuzi bwoba bwabayeye bumaze igihe kirekire bwabayeye.

Nimba waronse ayo makuru imbere y'italiki 5 Mukakaro 2021, ntutegerezwa gushengeza nyene gukora ico caha hisunzwe itegeko rishasha. Yamara, iyo nyene gukorerwa ico caha ari musu y'imyaka 18, urashobora kuba ukeneye gushengeza nyene gukora ico caha hisunzwe ayandi mategeko, nk'igisat kijejwe umutekano w'Abana nimba [amategeko yo gushengeza nyene gukora ico caha](#) akwerekereye.

Nubwo ata tegeko ryoba rikwega rigutegeka gushengeza nyene gukora ico caha, no kuvuga ayo makuru wumvise urashobora guhitamwo kubibarira inyamiramabi.

Uwakorewe icaha akaba ubu akuze

Iyo uwakorewe icaha ubu amaze imyaka 18 (yamara akaba yagikorewe akiri umwana), naho utegerezwa gutwara ico kirego ku nyamiramabi nimba waronse ayo makuru italiki 5 canke inyuma y'italiki zitanu Mukakaro 2021. Yamara, nimba wiyumvira canke wizera ko badashaka gushira ahabona amakuru mu kuyashikiriza inyamiramabi, aho rero ni ho udategerezwa kubivuga

Ntutegerezwa kubishikiriza nimba ufise ikintu cumvikana cogutuma utabishikiriza.



Uburorero

Ibishobora kubaho vya 1

Igihe uri ku murongo urindiriye kwiha inyama canke bariko barazotsa uri kumwe n'abantu bo mu muryango n'incuti n'abagenzi. Umwisha wawe amaze imyaka 14 akubariye yuko gatoya inyuma y'umuhingamo umwana w'imyaka 18 mu gihe bariko bararyohereza binezereza ko yamujanye mu cumba hanyuma akamusaba ko yomufata ifoto ari gusa.

None ngaho wokora iki?

Utegerezwa gushikiriza iyo nkuru ku nyamiramabi.

Uwo mwana w'imyaka 18 ashobora kuba yarakoze icaha c'ugukoresha igikorwa umwana canke agafata nabi umwana mu buryo buteye isoni. Kudashengeza nyene gukora ico caha bishobora kuba ikosa rihanwa n'amategeko.

Ibishobora kubaho vya 2

Umuntu akuze mwari musanganywe ashobora kukwibira ibanga koyashurashujwe n'umubanyi igihe bari bagifise imyaka 5. Uwo mugenzi wawe musanganywe akakubarira yuko badashaka kubimenyeshya inyamiramabi.

None ngaho wokora iki?

Nk'uko ubu uwo mwubakanye ari umuntu akuze kandi ukaba uzi neza ko batipfuzako ico caha cakozwe kimenyeshwa inyamiramabi, ntukeneye gushengeza nyenegukora ico caha ku nyamiramabi —urafise impamvu zumvikana.

Ingene icaha gishengezwa

Kugira ngo ushengeze icaha, hamagara ku murongo w'inyamiramabi kuri 131 444.

Igihe ari ivyihutirwa cane hamagara ku busa butatu (000).

Nimba utazi neza ivyerekeye uko utegerezwa gushengeza ivyakorewe ku kazi, vugana n'umuyobozi wawe canke uwujwe abakozi mw'ishirahamwe ryawe.

urashobora kwipfuzako [gukarahirizwa ubwenge ku bijanye n'amategeko](#) nimba utazi neza ibijanye n'ugutanga icegeranyo.

Ayandi makuru

Gushigikira, amakuru n'impanuro ku bagiriwe nabi ziraboneka kuri :

- [Gushigikira abagiriwe nabi i Queensland \(Victim Assist Queensland\)](#)
- [umurongo wo gufasha abana \(Kids Helpline\)](#) kuri 1800 55 1800
- [Ibikorwa vyo kubaho neza kw'imiryango y' Abasangwabutaka n'aba Torres Strait Islander \(Aboriginal and Torres Strait Islander family wellbeing services\).](#)

Ibifatanye n'ivyo

Ibitandukanye n'iki gikorwa, Igisata c'Abana, ubutungane bw'urwaruka n'ibikorwa n'imico itandukanye (hisunzwe DJAG) baragize ubushakashatsi kugira ngo bumvirize ico abantu bagona bo mu bisata bitandukanye bijejwe gufasha abana n'abakiri bato ku bintu bishobora gushika n'amategeko ashobora gukingira abana yemewe hamwe n'ugushingwa kw'ukugene ivyaha bishobora gushengezwa muri Queensland. ibishikirizwa vyugawe kw'italiki 23 Ndamukiza 2021.

